# Ц1ердешнийн легарш

Луург соьца дешнех ловза,
Лерса ирдай, хила схьа.
Цхьаьна язйийр ю вай говзар.
ГIо де, нисъеш чаккхе дIа.



# Пурхнехьа:

- 1. Дашо,можа,сирла,бовха стиглахь ерг х1ун ю?
- 2. Урокехь уьна т1ехь яздан оьшург х1ун ю?
- 3. Бацалахь т1едолу хаза можа …
- 4. Деннана мила ю?
- 5.Шу кху чохь 1аш муьлш бу?

- 1. малх
- 2. мел
- 3. зезаг
- 4. баба
- 5. дешархо

2сл

| | 1-ра легар | 2-г1а легар | 3-г1а легар | 4 –г1а легар |
|---|---|---|---|---|
| Ц1ерниг | къолам | б1аьсте | ваша | таллархо |
| Доланиг | къоламан | б1аьстенан | вешин | таллархочун |
| Лург | къоламна | б1аьстенна | вешина | таллархочунна |
| Дийриг | къоламо | б1аьстено | вашас | таллархочо |
| Кочалниг | къоламца | б1аьстенца | вешица | таллархочуьнца |
| Хотталург | къоламах | б1аьстенах | вешиx | таллархочух |
| Меттигниг | къоламе | б1аьстене | веше | таллархочуьнга |
| Дустург | къоламал | б1аьстенал | вешил | таллархочул |

# Нохчийн маттахь 4 легар ду.

- 1 – ра легар чудог1у ц1ердешнийн чаккхенгахь мукъаза элпаш л,р, м,н долу ц1ердешнаш.
- 
- Лург, коьчалниг дожаршкахь иштта дешнийн чаккхенашна хьалха мукъа элп ца яздо:
  - 
  - *мангал – мангална – мангалца*
  - *тешам – тешамна - тешамца*
- 
- Къевллинчу цхьана дешдекъах лаьтташ долчу ц1ердешнашкахь лурггий, коьчалниггий дожаршкахь чаккхенна хьалха мукъа элп яздо:
  - *бел – белана – белаца*
  - *стаг – стагана - стагаца*

- 2 – **г1а легар чудог1у цхьаллин терахьан ц1ердешнаш коьчалниг дожарехь** ***- нца, - рца*** **чаккхе йолу ц1ердешнаш:**
  - ***наб – набарца***
  - ***гата -гатанца***

- 3 – г1а легар чудог1у цхьаллин терахьан ц1ердешнаш коьчалниг дожарехь **– ица** чаккхе йолу ц1ердешнаш:

  - ***баба - бабица***
  - ***деца -децица***

- 4 – г1а легар чудог1у цхьаллин терахьан ц1ердешнаш коьчалниг дожарехь - ***чуьнца*** чаккхе йолу ц1ердешнаш:
  - ***дешархо - дешархочуьнца***
  - ***хьехархо – хьехархочуьнца***

- ✔ цхьаа г1алат дацахь «5» дуьллу,
- ✔ 2 г1алат далахь «4» дуьллу,
- ✔ 3  г1алат далахь «3» дуьллу,
- ✔ 4 сов г1алат далахь «2» дуьллу.

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Ц1. | тукар | бел | саба | шок | мача | хехо |
| Дл. | тукаран | белан | сабин | шакаран | мачин | хехочун |
| Л. | тукарна | белана | сабина | шакарна | мачина | хехочунна |
| Др. | тукаро | бело | сабано | шакаро | мачо | хехочо |
| К. | тукарца | белаца | сабаца | шакарца | мачаца | хехочуьнца |
| Х. | тукарах | белах | сабанах | шакарах | мачанах | хехочух |
| М. | тукаре | беле | сабане | шакаре | маче | хехочуьнга |
| Дс. | тукарал | белал | сабанал | шакарал | мачал | хехочул |

- Ладог1арна а, тидам барна а ДЕЛА  реза хуьлда!